



STATE OF NEW YORK
OFFICE OF THE ATTORNEY GENERAL
THE CAPITOL
ALBANY, NY 12224

Chè Nouyòkè:

Kominote imigran nou yo se yon pati enpòtan nan rich kilti Eta New York. Anpil ak pakèt kontribisyon y ap bay chak jou yo pèmèt Eta nou jwenn rekonesans kòm kapital divèsite, siksè, ak opòtinite nan lemond.

Malerezman, anpil imigran k ap chèche ranje sitiyasyon imigrasyon yo legalman viktim nan fwod moun ki bay sèvis imigrasyon yo. Konsekans yo kapab fè anpil dega.

Tiliv sa a la pou ba ou enfòmasyon sou dwa genyen ak chwa ou ka fè anba lalwa, epitou nou swete w ap itilize enfòmasyon sa yo pou pwoteje tèt ou pandan w ap bati lavni ou nan New York.

Eric T. Schneiderman

Si ou se yon moun ki viktim nan fwod imigrasyon, rele Liy Dirèk Pwokirè Jeneral pou Fwod Imigrasyon nan **1-866-390-2992**, oswa ale nan sitwèb **www.ag.ny.gov**

Nou p ap chèche konnen sitiyasyon imigrasyon ou, oswa nou p ap divilge enfòmasyon sa yo ba okenn moun.

Lòt resous

- Liy Dirèk Eta New York pou Imigrasyon: 1-800-566-7636, oswa imèl: **bria.contact@otda.state.ny.us** Anba Kontwòl Biwo pou Asistans Pwovizwa ak Enfimite Eta New York – Biwo Èd pou Refijye ak Imigran, yo kapab voye ou nan òganizasyon ki pa komèsyal.
- Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS): 1-800-375-5283, oswa nan **www.uscis.gov/immigrationpractice**
- Pou jwenn yon lis sèvis legal gratis, ale nan sitwèb Depatman Jistis Etazini: **http://www.usdoj.gov/eoir/probono/states.htm**
- Pou òganizasyon Konsèy Kontestasyon Imigrasyon (BIA) agreeye yo: **www.usdoj.gov/eoir/statspub/raroster.htm**
- Pou jwenn yon avoka ki gen lisans ak lòt resous legal, ale sou sitwèb Asosyasyon Bawo Eta New York nan **www.nysba.org**, oswa sou sitwèb Asosyasyon Avoka Imigrasyon Ameriken (AILA) nan **www.aila.org**



Biwo Pwokirè Jeneral
Eta New York

Fwod nan Sèvis Imigrasyon: Konnen Dwa ou!



Eric T. Schneiderman
Pwokirè Jeneral

FWOD NAN SÈVIS IMIGRASYON

Lwa imigrasyon se lwa ki konplike, epi anpil moun ap chèche èd lè yo annafè avèk otorite imigrasyon. Malerezman, gen moun ak òganizasyon ki ka pwomèt ou plis pase sa ki legal, epi yo fè ou peye pou sèvis yo pa kapab bay. Anvan ou anboche yon moun pou ede ou avèk pwoblèm imigrasyon, li enpòtan pou konprann egzakteman kimoun ki kapab ede ou, epi kisa moun nan kapab fè legalman.

Kimoun ki kapab reprezante ou devan USCIS?

Sèlman oumenm, yon avoka, oswa yon òganizasyon yo rekonèt ki ka kominike sou non ou konsènan aplikasyon ou nan USCIS. Si ou bezwen konsèy sou ki aplikasyon oswa petisyon pou ranpli nan USCIS, oswa si ou bezwen yon moun pou reprezante ou nan zafè sa yo, chèche èd:

- Yon avoka ki gen lisans: Ou kapab tcheke <https://iapps.courts.state.ny.us/attorney> pou wè si yon avoka anrejistre nan moman an nan Eta York State.
- Yon òganizasyon Konsèy Kontestasyon Imigrasyon (BIA) rekonèt nan www.usdoj.gov/eoir/statspub/raroster.htm

Kisa yon moun ki bay sèvis imigrasyon ye?

Lòt moun, yo rele pafwa moun ki bay sèvis imigrasyon, ka sèlman ede ou lè yo ba ou sèvis nan biwo tankou ranpli fòm imigrasyon, oswa tradiksyon dokiman. Pou pwoteje tèt ou pou pa vin yon viktim nan fwod imigrasyon, Eta New York kontwole moun ki bay sèvis imigrasyon yo, epi li entèdi yo bay sèten sèvis.

Dapre lwa Eta New York, yon moun ki bay sèvis imigrasyon PA KA:

- Ba ou konsèy legal;
- Reprezante ou nan yon dosye ki annatant devan USCIS, Depatman Travay, oswa nan tribinal imigrasyon;
- Menase pou rapòte ou ba otorite imigrasyon;
- Pwomèt y ap jwenn favè espesyal otorite imigrasyon;
- Ba ou enstriksyon pou bay fo enfòmasyon ba otorite imigrasyon; oswa
- Fè ou peye lajan pou voye ou pa yon moun ki kalifye pou ede ou avèk zafè imigrasyon.

Si ou chwazi yon moun ki bay sèvis imigrasyon pou ede ou ranpli fòm ak tradui dokiman, moun ki bay a DWE:

- Ba ou yon kontra nan lang Angle ak nan yon lang ou konprann ki dekri an detay sèvis y ap bay pou ou ak frè y ap fè ou peye. Ou kapab anile kontra a nenpòt kilè;
- Afiche siy ki montre aklè yo pa avoka, epi yo pa kapab ba ou konsèy legal;
- Ba ou yon kopi nenpòt dokiman yo ranpli pou voye ba gouvènman an;
- Voye tounen ba ou dokiman orijinal ki pou ou yo; epi
- Ba ou yon kopi dosye ou si ou fè demann lan, epi san ou pa peye yon frè.

PRAN PREKOSYON OU SOU SA OU DAKÒ AK SA W APSIYEN

Gen anpil moun ki bay sèvis imigrasyon ki fè konnen yo kapab ba ou yon papyè travay, yon viza, oswa lòt rezilta rapid. Fè prekosyon ak pwomès tankou sa yo, epitou pran prekosyon ou sou sa yo mande ou pou fè. Ou pa ta dwe:

- Dakò pou peye gwo frè pou ede ou ranpli fòm yo;
- Fè yon peman san ou pa jwenn yon resi detaye;
- Siyen aplikasyon oswa petisyon ki vid; oswa
- Siyen dokiman ki enfòmasyon ki fo oswa ki pa egzat.



Fè Atansyon ak Fwod Notè Piblik
Nan anpil peyi ki pale lang Panyòl, yon Notè Piblik se yon avoka. Ozetazini, yo pa avoka (menmsi anpil avoka ka ofri menm sèvis yo). Notè Piblik yo ka sètifye idantite ou ak siyati ou (epi yo ka fè ou peye yon ti frè), men yo pa ka reprezante ou devan USCIS, nan tribinal imigrasyon, oswa yo pa ka ba ou konsèy legal.